

Johns Hopkins All Children's Hospital Dwa ak Responsablite Pasyan yo

Pou pwoteje sekirite pasyan yo, nou ankouraje ou pale libelibè ak ekip swen sante ou, pou enfòmè tèt ou, ak pou w patisipe nan desizyon konsènan swen ou ak chwa pou tretman ou. Pou w ka mete men nan travay la ak ekip swen sante ou, gade dwa ak responsablite ki anba la a pou pasyan yo ak reprezantan pasyan yo.

Ou menm oswa reprezantan ou gen dwa pou:

Jwenn swen kote yo respekte ou ak pwoteje sekirite ou

- 1 Pou yo ba ou swen yon fason ki konsidere ka ou, respekte ou, ak montre ou konpasyon.
- 2 Pou kontakte yon fanmi/zanmi ak doktè nou lè yo entènè nou lopital la.
- 3 Pou w resewa swen yon kote ki san danje, kote pèsòn pa pral abize oswa neglije ou (vèbalman, mantalman, fizikman, oswa seksyèlman).
- 4 Pou yo ba ou yon egzamen medikal ak pou ba ou swen pou estabilize ou lè w gen yon pwoblèm medikal ijan oswa tranche.
- 5 Pou pa mare ou oswa fèmen ou yon kote poukont ou amwenske sa nesèsè pou sekirite.
- 6 Pou w konnen non ak travay moun yo k ap ba ou swen yo.
- 7 Pou w konnen kilè gen etidyan, rezidan, oswa apranti ki enplike nan swen ou.
- 8 Pou yo respekte kilti ak valè pèsònèl ou, ansanm ak kwayans ak souwè ou.
- 9 Pou w jwenn aksè nan sèvis espirityèl.
- 10 Pou w ka pale ak Sèvis Etik la konsènan zafè swen ou.
- 11 Pou yo trete ou san diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonan, laj, sèks, oryantasyon seksyèl, sèks ou idantifye oswa ekspriye, andikap fizik oswa mantal, relijyon, gwoup etik, lang, oswa kapasite pou peye.
- 12 Pou yo ba ou yon lis sèvis pwoteksyon ak defans, lè ou bezwen li. Sèvis sa yo ede sèten pasyan (pa egzanzp timoun, moun aje, moun andikape) egzèsè dwa yo ak pwoteje yo kont abi ak neglijan.
- 13 Mande yon estimasyon frè lopital la avan yo ba ou swen.

Bonjan Kominikasyon ak Patisipasyon nan Swen ou

- 14 Jwenn enfòmasyon yon fason ou kapab konprann. Sa a gen ladan entèprèt lang siy ak lang etranje ak asistans pou wè, pale, ak tandè gratis.
- 15 Jwenn enfòmasyon konsènan doktè / pwofesyonèl swen sante ou konsènan:
 - dyagnostik ou
 - rezilta tèst ou yo
 - rezilta swen ou
 - rezilta swen ou pa te prevwa

- 16 Patisipe nan plan swen ou ak plan pou w soti nan lopital la oswa mande yon evalyasyon plan pou soti nan lopital la nenpòt kilè.
- 17 Enplike fanmi ou nan desizyon konsènan swen.
- 18 Poze kesyon epi jwenn yon repons pou kesyon oswa demann ou yo a tan.
- 19 Fè kontwòle doulè ou.
- 20 Refize swen.
- 21 Pou yon moun la ak ou pou soutyen emosyonèl, amwenske moun sa deranje dwa, sekirite, oswa sante ou menm oswa lòt moun.
- 22 Mande pou yon moun akonpanye ou pandan egzamen, tèst, oswa pwosedi ou yo.
- 23 Chwazi moun ki pou ba ou sipò epi chanje lide sou ki moun ki ka vizite.
- 24 Chwazi yon moun pou pran desizyon swen sante pou ou si nan yon pwèn ou pa ka pran desizyon sa yo (epi fè moun sa a oblije respekte tout dwa pasyan yo).

Desizyon Konsènan Fen Lavi

- 25 Kreye oswa chanje yon direksyon davans (ki rele tou yon testaman lavi oswa manda swen sante dirab).
- 26 Fè yo konnen ak respekte desizyon ou konsènan donasyon ògàn, si li posib.

Konsantman Enfòmè

- 27 Bay pèmisyon (konsantman apre yo ba ou enfòmasyon) avan yo ba ou nenpòt swen kipa ijan, tankou:
 - risk ak avantaj tretman ou
 - lòt chwa ki genyen nan plas tretman sa a
 - risk ak avantaj lòt chwa sa yo
- 28 Dakò oswa refize patisipe nan etid rechèch san sa pa afekte swen ou.
- 29 Dakò oswa refize yo pran foto pou rezon ki pa gen pou wè ak swen ou.

Vi Prive ak Konfidansyalite

- 30 Pwoteje vi prive ak sekre enfòmasyon konsènan tretman ak kominikasyon konsènan swen ou.
- 31 Jwenn yon kopi Avi Konsènan Pratik Pwoteksyon Vi Prive HIPAA a.



JOHNS HOPKINS
MEDICINE

JOHNS HOPKINS
ALL CHILDREN'S HOSPITAL



Johns Hopkins All Children's Hospital Dwa ak Responsablite Pasyan yo

Plent ak Doleyan

- 🔍 Pote plent epi fè yo egzaminen plent ou san sa pa afekte swen ou. Si ou gen yon pwoblèm oswa plent, ou ka pale ak doktè, manadjè enfimyè, oswa manadjè depatman ou a.
- 📞 Ou ka kontakte manadjè risk la nan 727-767-8959, rele gratis 1-800-456-4543, ekstansyon 78959 oswa voye yon imèl bay achRiskManagement@jhmi.edu.
- 👥 Si pwoblèm ou a pa rezoud jan ou ta renmen an, gen lòt gwoup endepandan ou kapab kontakte tankou:
 - **Òganizasyon amelyorasyon kalite (Quality improvement organization, QIO) pou desizyon sou pwoteksyon oswa pou konteste lè ou panse yo fè ou kite lopital la twò bonè:**
KEPRO
Organization for Beneficiary Family Centered Care (BFCC-QIO)
5201 West Kennedy Blvd., Suite 900
Tampa, FL 33069
1-844-455-8708
 - **Ajans Eta:**
Agency for HealthCare Administration (AHCA)
Complaint Administrative Unit
2727 Mahan Drive, Mail Stop #49
Tallahassee, FL 32308
Nimewo Gratis: 1-888-419-3456
oswa imèl: CAU@ahca.myflorida.com
 - **Ajan Akreditasyon:**
The Joint Commission Office of Quality and Patient Safety
One Renaissance Blvd.
Oakbrook Terrace, IL 60181
1-800-994-6610
patientsafetyreport@jointcommission.org
 - **Pou regle yon pwoblèm diskriminasyon, ou ka depoze yon plent ak Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services):**
Office for Civil Rights
200 Independence Ave., SW
Room 509F, HHH Building
Washington, DC 20201
1-800-368-1019, 1-800-537-7697 (TDD)
OCRMail@hhs.gov
Fòm pou pote plent yo disponib nan: <http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>

Ou gen responsablite pou:

- 1 Bay enfòmasyon egzat ak konplè sou sante ou, adrès, nimewo telefòn, dat nesans, konpayi asirans ak anplwayè ou.
- 2 Rele si ou pa ka kenbe randevou ou.
- 3 Respekte ekip lopital ou, soti nan doktè yo, enfimyè yo ak teknisyen yo rive nan moun ki livre manje ou yo ak ekip ki netwaye yo.
- 4 Fè atansyon ak langaj ou epi fè atansyon kijan ou trete moun ak pwopriyete a, tankou fè atansyon pou w pa fè twòp bri, respekte vi prive moun, ak kantite vizitè ou genyen.
- 5 Kontwòle konpòtman ou si ou santi ou fache.
- 6 Ba nou yon kopi direksyon davans ou yo.
- 7 Poze kesyon si gen nenpòt bagay ou pa konprann.
- 8 Bay nenpòt chanjman nan sante ou nou pa te atann.
- 9 Swiv règ lopital la.
- 10 Pran responsablite pou konsekans lè ou refize swen oswa pa swiv enstriksyon yo.
- 11 Kite bagay ki gen valè w yo lakay ou.
- 12 Kenbe tout enfòmasyon sou manm pèsònèl lopital la oswa lòt pasyan yo prive.
- 13 Pa pran foto, videyo oswa anrejistreman san pèmisyon manm pèsònèl lopital la.
- 14 Peye bòdwo ou oswa travay ak nou pou jwenn finansman pou peye yo pou ou.



JOHNS HOPKINS
M E D I C I N E

JOHNS HOPKINS
ALL CHILDREN'S HOSPITAL

